



## MALADI LIM

### Ki sa ki se MALADI LIM ye?

Maladi Lim se yon maladi bakteri yo pran nan tik ki nan kò moun ak bèt. Li se maladi moun plis pran nan tik Ozetazini. Nan Delaware, gen ka maladi Lim pandan tout ane a. Delaware pami senk premye eta Ozetazini i gen plis nouvo ka yo deklare chak ane.

### Ki jan maladi Lim pwopaje?

Tik sou yon sèf ki enfekte oswa lòt bèt ki enfekte bay moun oswa bèt maladi lim lè li mòde yo. Tik yo chèche bèt pou yo chita sou zèb ak raje epi transfere li bay bèt oswa moun ki touche ak fèy la. Tik sèlman rale; yo pa vole oswa sote. Moun pa bay lòt moun maladi Lim.

### Kisa sentòm maladi Lim yo ye?

Premye sentòm maladi Lim yo gen ladan yo youn oswa plis nan bagay sa yo: fatig, frison ak lafyèv, maltèt, doulè nan misk ak doulè nan jwenti, gangliyon lenfatik anfle ak yon gratèl sikilè sou po rele migran iritem (souvan li sanble ak yon sib). Sepandan, se pa tout moun ki enfekte ak maladi Lim ki devlope yon gratèl. Jeneralman moun yo gen sentòm yo 3 a 30 jou apre yon tik ki enfekte mòde yo. Gen kèk sentòm ki ka pa parèt jiska kèk semèn, mwa oubyen ane apre tik la mòde moun nan. Sentòm ki parèt apre yo gen ladan yo: atrit, pèt sansasyon, pèt memwa, paralizasyon nan misk sou yon bò figi a, ak posiblite pou gen iregilarite nan kè a. Siy ak sentòm maladi Lim yo ka varye.

### Ki jan maladi Lim trete?

Maladi Lim trete ak antibyotik oral. Doktè yo ka trete ka ki konplike ak antibyotik nan venn (sewòm) .

### Kouman mwen ka anpeche maladi Lim?

Limite posiblite pou w pran kontak ak tik pou evite enfeksyon. Pou moun ki nan anviwònman ki gen anpil tik yo, yon metòd pou anpeche maladi a se fè atansyon pou ou enspekte ak retire tik k ap rale oswa ki kole sou bagay. Jeneralman li pran omwen 24 èdtan oswa plis avan yon tik ki kole sou yon moun bay li bakteri a. Sepandan, gen ka maladi Lim te yo konnen ki rive nan mwens tan.

Nou dwe konsantre sou pwoteksyon pèsònèl pou evite maladi a. Mete rad ki gen koulè pal rad epi foute pantalon janm ou anndan chosèt pou tik pa ka moute anndan an pantalon yo. Aplike pwodwi pou dekouraje tik kole sou nou. Koupe zèb souvan nan lakou yo ak kloti deyò yo pou diminye popilasyon tik.

### Kouman pou mwen retire yon tik?

- Kenbe tik la ak pensèt oswa pens mezi li posib kote li kole ak po ou a. Rale li yon fason djanm pou li soti. Si w pa gen pensèt disponib, kouvri dwèt ou ak papyè twalèt oswa gan pou rale yo.
- Pa kenbe yo avèk men ou konsa. Fè atansyon pou w pa peze, kraze oswa pèse kò tik la, paske li ka gen dlo ki gen enfeksyon anndan li.
- Apre ou fin retire tik la, dezenfekte kote li te mòde ou a pei lave men ou byen lave.
- Li enpòtan pou w retire tik la sou ou kou ou wè li a. Konsilte yon doktè si li difisil pou retire li.

**Nimewo pou kontakte 24è sou 24, 7 jou sou 7, si gen yon ijans: 1-888-295-5156**

Revize 6/2011